

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK
JEYOGRAFI JENERAL****Vandredi** 29 janvye 2010 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, se la w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Pran san w pou w pliye dènye paj, la nan kote ki dantle yo tou dousman epi detache fèy repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

Pati I an gen 50 kesyon ki gen repons ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou divès dokiman:

Seksyon A nan Pati III a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non ou ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Part III a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I an, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo pap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou pap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I


Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- 1 Ki egzanp ki pi byen reprezante yon sous primè?
 - (1) yon woman 20yèm syèk la ki pale sou evènman ki te lakòz Revolisyon Fransèz la
 - (2) imaj film yo te fè pandan liberasyon kan konsantrasyon Nazi yo
 - (3) yon antrevi avèk yon spesyalis sou chit Lanpi Women an
 - (4) yon konferans sou enpak komès esklav Afriken nan Amerik di Sid
- 2 Yon resanblans jeyografik ant Itali ak Lend sèke toulède peyi yo sitiye
 - (1) sou penensil
 - (2) sou achipèl
 - (3) ant de (2) oseyan
 - (4) osid ekwatè a
- 3 Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon aspè ekonomi planifye?
 - (1) Pwofi motive moun pou monte komès prive.
 - (2) Tradisyon, relijyon ak koutim gen gwo enfliyans sou desizyon ekonomik.
 - (3) Òf ak demann kontwole ekonomi an.
 - (4) Gouvènman an dirije epi kontwole mwayen pwodiksyon yo.
- 4 Rivyè Indus ak Rivyè Huang He (Yellow) toulède asosye depre avèk
 - (1) konfli pou fwontyè
 - (2) anplasman bibliik sakre
 - (3) bèso premye sivilizasyon
 - (4) dekouvèt petwòl
- 5 Yon resanblans ant Shinto nan peyi Japon ak animis nan sosyete afriken yo sèke toulède
 - (1) itilize Tora pou kreye kòd lalwa
 - (2) konsantre sou enpòtans Eightfold Path (Oktip Santye)
 - (3) kwè lespri yo egziste nan lanati
 - (4) baze ran sosyal sou yon sistèm kas
- 6 Kòd Amourabi ak legalis Chinwa toulède apiye sou lide ki endike
 - (1) gouvènman yo dwe bay pèp yo dwa
 - (2) lwa sevè nesese pou kontwole sosyete a
 - (3) tout sijè yo egal devan lalwa
 - (4) relijyon ak gouvènman dwe pi rapwoche youn ak lòt
- 7 Yon resanblans ant Lanpi Gupta ak dinasti Arab Lajdò Islamik yo sèke yo
 - (1) te fè avans nan matematik ak nan literati
 - (2) te vin gen richès lè yo te jwenn lò nan peyi Amerik yo
 - (3) te konsantre sou enpòtans dama ak kama
 - (4) te kontwole teritwa ki toutotou kòt Mediteraneyen an
- 8 Ki faktè jeyografik ki souvan te konn fè Kore reprezante yon rejyon enpòtan pou moun k ap chèche kontwole Azi de Lès?
 - (1) litoral long
 - (2) pozisyon
 - (3) montay yo
 - (4) klima
- 9 Ki kilti ki pèmèt vin gen devlopman poud kanon, abak, ak bousòl?
 - (1) Chinwa
 - (2) Pès
 - (3) Endyen
 - (4) Japonè
- 10 • Alfabè sirilik yo adopte pou itilize nan Lawisi.
• Ris yo te aksepte ansèyman Legliz Kreyen Otodòks la.
• Vout ki gen fòm zonyon epapiye nan liy orizon Kyèv nan Lawisi.

Ki tè ki pi asosye depre avèk deklarasyon sa yo?
 - (1) etnosantris
 - (2) entèdepandans
 - (3) difizyon lakilti
 - (4) kolonyalis

Baze repons ou pou kesyon 11 ak 12 sou kat jeyografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: <http://fga.freac.fsu.edu/> (adapte)

11 Ki deklarasyon ki egzat konsènan vwayaj Lanperè Mansa Musa te fè?

- (1) Vwayaj la te depase wout komèsyal Nò Afriken yo.
- (2) Mansa Musa te itilize Lanmè Mediterane a pou l rive nan Lamèk.
- (3) Wout la te prensipalman swiv gwo rivyè yo.
- (4) Mansa Musa te pase nan vil Fèz pandan l te sou wout pou li ale nan Lamèk.

12 Ki konklizyon sou komès enfòmasyon ki sou kat jeyografik sa a pi byen sipòte?

- (1) Timbuktu se te yon sant komès nan Afrik de Lwès.
- (2) Dezè Sahara a te anpeche komès fèt.
- (3) Lekè ak Lamèk se te patnè komèsyal.
- (4) Yo te vann lò ak sèl Afrik de Lwès toutolon Rivyè Zayi.

Baze repons ou pou kesyon 13 la sou tablo ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

**PYÈS MONNEN ETRANJE TAN ANSYEN AK TAN MEDYEVAL
YO TE JWENN NAN VIL-ETA LAFRIK DE LÈS YO**

Pyès monnen etranje	Vil-Eta Lafrik de Lès						Total
	Kilwa	Mafya	Zanziba	Pemba	Kenya	Somali	
Elenistik (3yèm jiska 1ye syèk avan Jezi-Kri)	—	1	—	2	—	22	25
Women	—	—	—	2	1	6	9
Bizanten	—	—	—	2	—	46	48
Umayyad	—	—	—	2	—	—	2
Abbasid	—	—	—	7	—	1	8
Mongòl	2	4	—	1	—	—	7
Lòt Mizilman etranje (ki pa idantifye)	—	20	3	15	—	—	38
Chinwa:							
Dinasti T'ang	—	—	4	—	—	1	5
Dinasti Sung	—	9	185	—	2	16	212
Dinasti Ming	—	—	—	—	—	6	6
Dinasti Ching	—	—	—	—	—	10	10

Sous: G.S.P. Freeman-Grenville, "East African Coin Finds and Their Historical Significance,"
Journal of African History (adapte)

13 Ki jeneralizasyon done ki nan tablo sa a pi byen sipòte?

- (1) Migrasyon Bantou yo te enfliyanse distribisyon pyès monnen Afrik de Lès yo.
- (2) Yo te jwenn pyès monnen Chinwa yo nan vil-eta Afrik de Lès yo.
- (3) Vil-eta Lafrik de Lès yo te fè komès dirèkteman avèk Lewòp Septantriyonal.
- (4) Women yo te kontwole komès avèk Afrik de Lès.

14 Ki sa ki yon karakteristik prensipal yon sosyete feyodal?

- (1) yon gouvènman reprezantatif
- (2) egalite ekonomik pou tout moun
- (3) pwoteksyon dwa endividyèl
- (4) yon echanj tè pou sèvis

15 Imanis pandan Renesans Italyen an te konsantre sou

- (1) zafè legliz
- (2) endepandans
- (3) enpòtans yon moun genyen
- (4) teyori politik

Baze repons ou pou kesyon 16 la sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Felipe Guaman Poma de Ayala, *Nueva Corónica Y Buen Gobierno*, Biblioteca Ayacucho

- 16 Kisa desen sa a endike sou sivilizasyon Enka a?
- (1) enfliyans relijye sou achitekti
 - (2) kooperasyon ak planifikasyon nan agrikilti
 - (3) teknoloji militè siperyè yo te itilize pou defans
 - (4) wòl gouvènman pandan yon katastwòf natirèl
-
- 17 Travay ki moun ki te genyen pi gwo enpak sou pwopagasyon Lide Martin Luther yo?
- (1) Galileo Galilei
 - (2) Niccolò Machiavelli
 - (3) William Shakespeare
 - (4) Johannes Gutenberg

18 “. . . (Li) te pote pòm detè, anana, kodenn, dalya, tounsòl, magnolya, mayi, piman bouk ak chokola atravè Atlantik la. Yon lòt kote, anpil dizèn milyon moun te mouri nan epidemi 16yèm syèk la, moun ki viktim maladi varyòl, lawoujòl ak lòt maladi Ewopeyen yo te pote (epi pa bliye komès esklav afriken Ewopeyen yo te kòmanse, pou ranplase mendèv yo te detui a).” . . .

— Michael Wood, BBC History (adapte)

Ki devlopman istorik ki dekri nan sitasyon sa a?

- (1) kreyasyon liy Demakasyon
 - (2) kreyasyon Alyans Anseyatik
 - (3) echanj kolonbyen
 - (4) Revolisyon Glorye
- 19 Sistèm klas sosyal la nan Amerik Latin pandan 16yèm ak 17yèm syèk yo montre
- (1) dominans noblès Espanyòl natifnatal yo
 - (2) egalite ki parèt ant klas yo
 - (3) enfliyans pouvwa ekonomik metis
 - (4) ogmantasyon mobilite Endyen Ameriken natifnatal yo
- 20 Yon fason Soliman Lemayifik ak Akbar Legran sanble sèke yo toulède te pwovoke peryòd
- (1) estabilite politik ak tolerans relijye
 - (2) konkèt relijye ak pèsekisyon
 - (3) izolasyon ak estaganasyon kiltirèl
 - (4) modènizasyon ak dezinyon politik

21 A DEO REX, A REGE LEX — “se Bondye ki bay wa a epi se wa a ki fè lalwa.”

— James I

Sitasyon sa a pi byen montre konsèp

- (1) monachi konstitisyonèl
- (2) separasyon pouvwa yo
- (3) reprezantasyon egal
- (4) règ dwa diven

- 22 Ki deklarasyon ki egzat konsènan Revolisyon Syantifik nan Lewòp?
- (1) Yo te rejte egzistans lwa natirèl yo.
 - (2) Syantis yo te kesyone kwayans tradisyonèl konsènan linivè.
 - (3) Nouvo ide yo te sipòte teyori jeyosantrik Ptolemy.
 - (4) Yo te itilize Labib pou jistifye nouvo dekouvèt syantifik yo.
- 23 Sou Ansyen Rejim peyi Lafrans lan, fado enpo te tonbe plis sou
- (1) monachi a
 - (2) klèje a
 - (3) nòb yo
 - (4) pèp la
- 24 Yon fason Robespierre ak Napoleon sanble sèke yo toulède
- (1) te jwe yon wòl enpòtan nan Kongrè Vyèn lan
 - (2) te ogmante pouvwa yo pandan Revolisyon Fransèz la
 - (3) te egzekite pou trayizon nan men monak Fransè
 - (4) te alatèt fòs lame kont Ayisyen yo
- 25 Anpil opozan kwè politik gouvènman Britanik lan pandan Grangou Ilandè a
- (1) te lakòz ratman manje
 - (2) te inyore enkyetid militè yo
 - (3) te dekouraje emigrasyon
 - (4) te dirèkteman lakòz gè sivil
- 26 Kilès nan devlopman sa yo nan Lafrik ki te lakòz lòt twa yo?
- (1) Gwoup tribi ki nan konpetisyon yo t ap fè lagè.
 - (2) Konferans Bèlen ane 1884 la te enflyanse fwontyè kolonyal yo.
 - (3) Teritwa tradisyonèl ak gwoup kiltirèl yo te brize nèt.
 - (4) Ekonomi Afriken yo te vin depann de lavant danre komèsyal ak matyè premyè.
- 27 Ki kilti ki t ap batay avèk Zoulou yo nan 19yèm syèk la pou kontwòl tè nan Afrik di Sid?
- (1) Alman ak Fransè
 - (2) Endyen ak Bèlj
 - (3) Britanik ak Boyè
 - (4) Etyopyen ak Italyen

Baze repons ou pou kesyon 28 la sou pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.


... Lanpi selès nou an [Lachin] dirije plis pase dis mil wayòm! Pi sètènman nou posede yon mezi majeste diven ou pa ka konprann! Epoutan nou pa kapab bay sipò pou masak oswa ekstèminasyon san avètisman alavans, epitou se pou rezon sa a ki fè kounye a nou fè ou konnen aklè lwa fiks teritwa nou an. Si komèsan etranje peyi onorab ou endike a vle kontinye rapò komèsyal yo, yo dwe respekte lwa jeneral nou yo ki anrejistre, yo dwe koupe sous kote opyòm lan ap sikile ajamè, epitou sou okenn pretèks yo pa dwe fè yon eksperyans lwa nou yo sou pwòp tèt pa yo! Answit vòt Altès [Rèn Victoria] pini sijè ou yo ki kapab kriminèl, pa eseye pwoteje yo oswa pa kache yo, epi kidonk w ap jwenn lapè ak trankilite nan tout sa ou posede yo, kidonk w ap toujou montre yon sans respè ak obeyisans, epi kidonk nou kapab apresye ansanm benediksyon lapè ak bonè. Ki pi gwo kontantman ki genyen pase sa! Ki bonè [amoni] ki pi konplè pase sa! . . .

— Lèt Wo Komisyonè Chinwa Lin Zexu te voye bay Rèn Victoria

- 28 Ki evènman ki asosye pi dirèkteman avèk sityasyon 19yèm syèk la ki dekri nan pasaj sa a?
- (1) siyen Trete Nanjing
 - (2) Lagè Riso-Japonè
 - (3) aneksasyon Kore
 - (4) Rebelyon Sepoy
-
- 29 Pandan fen 19yèm syèk la, mank resous natirèl Japon se te youn nan rezon ki fè yo te aplike yon politik
- (1) kolektivizasyon
 - (2) komès lib
 - (3) sosyalis
 - (4) enperyalis
- 30 Yon rezon ki fè Bòlchevik yo te jwenn sipò peyizan yo pandan Revolisyon Ris la se te paske Bòlchevik yo te pwomèt pou
- (1) redistribiye tè
 - (2) aboli komin yo
 - (3) pote teknoloji modèn man fèm ris yo
 - (4) asire yon pwogram agrikòl ki sipòte-pri

- 31 Katòz Pwen Woodrow Wilson yo te enfliyanse pèp kolonyal yo nan Lazi ak Lafrik pou
- (1) kreye alyans militè
 - (2) chèche endepandans
 - (3) rejte teworis
 - (4) ogmante ekstra-teritoryalite
- 32 Ki deklarasyon ki se yon opinyon olye de yon reyalite konsènan chèf deta Tik la Atatürk?
- (1) Li te ankouraje modènizasyon.
 - (2) Efò li yo te pèmèt vin gen devlopman endistriyèl.
 - (3) Li te ankouraje pèp la pou mete rad estil oksidantal.
 - (4) Gwo reyalizasyon li se te separasyon legliz ak leta.
- 33 Politik Joseph Stalin nan Ikrèn pandan ane 1930 yo te lakòz
- (1) grangou toupatou
 - (2) agrikòl fèmye endepandan
 - (3) devlopman endistri atizanal
 - (4) itilizasyon teknik agrikòl ki egziste
- 34 . . . “Ou dwe pran dèmezi kounye a pou sispann rezistans militè. Sinon, nou dwe itilize bonm sa a avèk fèmte ak tout lòt zàn siperyè nou yo pou mete yon pwen final nan lagè a imedyatman epi avèk lafòs.” . . .
- Paragraf sa a ki sòti nan yon depliyon Alye yo an 1945 te avèti
- (1) Tchèk yo konsènan yon envazyon Alman
 - (2) Ameriken yo konsènan yon atak Japonè nan Hawaii
 - (3) Koreyen yo konsènan yon envazyon Ris
 - (4) Sivilyen Japonè yo konsènan yon atak Ameriken
- 35 Plan Machal te fèt yon fason pou anpeche kominis lan gaye lè li te ofri
- (1) kay gouvènman pou refijye yo
 - (2) asistans militè pou Vyetnam
 - (3) lajan pou redrèsman ekonomik nan peyi Ewopeyen lagè te ravaje
 - (4) zàn nikleyè pou manm Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN)

Baze repons ou pou kesyon 36 la sou òganizatè grafik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



36 Ki peyi ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?


- | | |
|-----------|----------------|
| (1) Lejip | (3) Soudan |
| (2) Irak | (4) Bangladèch |

- 37 • Lachin te aplike politik pou moun gen yon sèl timoun.
- Peyi Afriken yo te kreye pwogram pou edikasyon ak swen sante.
 - Peyi latino-ameriken yo te travay avèk Etazini pou diminye trafik dwòg la.

Ki konklizyon ki kapab fèt pi byen avèk tout deklarasyon sa yo?

- (1) Gouvènman diferan peyi te reyaji nan divès fason pou menm pwoblèm lan.
- (2) Te genyen eksplozyon demografik nan kèk peyi pandan 20yèm syèk la.
- (3) Kèk peyi mande lòt peyi pou ede yo rezoud pwoblèm yo.
- (4) Peyi yo te oblije abòde divès kalite pwoblèm ekonomik ak pwoblèm sosyal.

Baze repons pou kesyon 38 la sou desen ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Chris Britt, *The State Journal-Register*, Copley News Service

38 Ki deklarasyon ki pi byen montre pwennvi desinatè sa a?

- (1) Yo entèdi devlopman teknoloji enfòmasyon nan peyi Lachin.
- (2) Yo anpeche prizonye Chinwa yo gen aksè nan òdinatè yo.
- (3) Moun ki devlope lojisyèl etranje te anvayi mache Chinwa a.
- (4) Kèk antrepriz Ameriken te ede gouvènman Chinwa a nan kontwòl fason sitwayen yo itilize òdinatè.

39 Ki efè alontèm envazyon Sovyetik la nan Afganistan nan ane 1979 la te genyen?

- (1) Kominis te ranfòse nan Lazi di Sid.
- (2) Dezinyon ant Lachin ak Lend te diminye.
- (3) Enfliyans gwoup militan Islamik yo te ogmante nan rejyon an.
- (4) Tansyon sou fwontyè ant Pakistan ak Afganistan te diminye.

40 “Yon Eta Jwif Kreye”
 “Lagè Sis Jou a Lakòz Gwo Pèt pami Arab yo”
 “Retrè Kòmanse Fèt nan West Bank”

Ki sitiyasyon tit sa yo ap pale?

- (1) Lagè Gòlf Pèsik
- (2) Dezòd pou Lafrik
- (3) konfli ant Izrayelyen ak Palestinyen
- (4) efonnman Lanpi Otoman

41 Nan peyi Japon, Restorasyon Meiji ak “mirak ekonomik” apre Dezyèm Gè Mondyal la kapab dekri kòm peryòd


- (1) desantralizasyon politik
- (2) demokratizasyon revolisyonè
- (3) chanjman sosyal reyaksyonè
- (4) devlopman endistriyèl inovatè

42 Kreyasyon yon demokrasi palmantè nan peyi Lend ak kreyasyon Pòtigè kòm lang ofisyèl Brezil endike kolon Ewopeyen yo

- (1) te enfliyanse kilti rejyon ki sou kontwòl yo
- (2) te respekte gouvènman pèp endijèn yo
- (3) pwopaje relijyon pwotestan yo pase relijyon natifnatal yo
- (4) te etidye tradisyon lokal yo anvan yo aplike lwa yo

Baze repons pou kesyon 43 a sou graf ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

Repatisyon Moun k ap Viv avèk VIH sou Latè an 2006



Sous: Statistics from UNAIDS/WHO 2006 AIDS Epidemic Update (adapte)

43 Ki ipotèz sou ekonomi Afrik sib-saharyen ki kapab tire de done ki nan graf sa a?

- (1) Epidemi an kapab ralanti kwasans ekonomik.
- (2) Salè pou travayè yo pral pètèt diminye.
- (3) Divèsifikasyon pral ankouraje kwasans ekonomik.
- (4) Nasyonzini pral pètèt diminye sipò pou devlopman ekonomik.

- 44 • Lespay fè eksplwatasyon min ajan ki nan Lamerik yo.
 • Olandè yo kreye yon koloni nan Lazi Sidès.
 • English East India Company kontwole plantasyon te nan Lend.

Ki politik ki pi asosye depre avèk evènman sa yo?

- (1) pasifis
- (2) mèkantilis
- (3) non-aliyman
- (4) kont espansyon

45 Akòz diskriminasyon pandan 19yèm syèk la, ki kote yo te fòse anpil Jwif Lewòp de Lès yo viv?

- (1) sou fèm kolektif
- (2) nan vilaj ki gen fò
- (3) nan geto lavil yo
- (4) nan zòn endistriyèl yo

- 46 • Lanperè Ming te entèdi konstriksyon gwo bato ki pou navige sou lanmè fon yo nan ane 1433.
 • Chogoun Tokugawa te pibliye Lwa Izòlman nan ane 1636.

Yon fason evènman istorik sa yo sanble sèke toulède te lakòz ogmantasyon

- (1) mobilite sosyal
- (2) globalizasyon
- (3) difizyon lakilti
- (4) izòlman

- 47 Amenyen yo anba dominasyon Otoman ak Kanbodjyen yo anba dominasyon Khmè Wouj toulède te eksperyans
- (1) yon epidemi lapès
 - (2) vyolasyon dwa moun
 - (3) sanskyon ekonomik
 - (4) yon revolisyon agrikòl
- 48 Yon fason Konsèy Trant (1545–1563) ak Konferans Vèsay (1918–1919) sanble sèk toulède t ap eseye
- (1) retabli estabilite apre yon peryòd konfli oubyen andezòd
 - (2) abòde pwoblèm ekonomik lè yo te diminye enpo yo
 - (3) defann dwa moun lè yo te kreye kòd lwa ekri yo
 - (4) ankouraje devlopman kiltirèl lè yo kreye inivèsite
- 49 Yon rezon prensipal ki fè Mongòl yo ak Britanik yo te kapab ogmante lanpi yo nan konkèt se te akòz
- (1) yon konesans ak kòmman teknoloji avanse
 - (2) yon rejè politik ak pratik demokrasi
 - (3) devlopman refòm relijye ak kiltirèl
 - (4) yon peryòd pwolonje echanj komèsyal ak komès nan lapè
- 50 Ki evènman ki kapab konsidere kòm yon konfli ki te genyen anpati akòz yon mouvman refòm relijye?
- | | |
|-----------------------|------------------------|
| (1) Premye Gè Mondyal | (3) Dezyèm Gè Mondyal |
| (2) Revolisyon Kiben | (4) Revolisyon Iranyen |
-

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon separe a.
Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonnman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a ak yon konklizyon.

Tèm: Kilti ak Lavi Entèlekyèl

Entèlekyèl yo, filozòf yo ak chèf deta yo te anrejistre ide yo souvan nan liv yo te ekri. Yo te itilize ide sa yo toupatou nan listwa pou gide sosyete yo epitou pou enfluyanse pwosesis devlopman nasyonal ak rejyonal.

Sa w gen pou fè:

Chwazi **de** entèlekyèl, filozòf, **ak/oswa** chèf deta ak yon literati ki asosye avèk moun sa a epi pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki ankadre literati sa a
- Dekri yon ide prensipal ki nan literati sa a
- Diskite sou fason ide sa a te enfluyanse devlopman yon peyi oswa yon rejyon

Ou kapab itilize nenpòt entèlekyèl, filozòf oswa chèf deta nan etid istwa jeneral ou. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere:

Bartolome de las Casas—*Brief Report on the Destruction of the Indians (Rapò kout sou Destriksyon Endyen yo)*
Martin Luther—*Ninety-five Theses (Katreven-kenz Tèz yo)*
John Locke—*Two Treatises on Government (De Trete sou Gouvènman)*
Olympe de Gouges—*The Declaration of the Rights of Woman (Deklarasyon Dwa Fanm yo)*
Karl Marx—*Communist Manifesto (Manifès Kominis)*
Theodor Herzl—*On the Jewish State (Sou Leta Jwif la)*
Adolf Hitler—*Mein Kampf*
Mao Zedong—*Little Red Book (Ti Liv Wouj)*
Nelson Mandela—*Long Walk to Freedom (Chemen Long ki Mennen Libète)*

Ou pa limete a sijesyon sa yo sèlman.

Pa itilize okenn entèlekyèl, filozòf oswa lidè Etazini nan repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, anpil chanjman te fèt nan fason yo pwodui manje. Kèk nan gwo chanjman te fèt pandan **Revolisyon Neyolitik**, **Revolisyon Agrè (Agrikòl)**, ak **Revolisyon Vèt la**. Chanjman sa yo nan pwodiksyon manje te genyen efè politik, sosyal ak ekonomik sou kèk sosyete ak rejyon.

Sa w gen pou fè: Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande w pou

Chwazi **de** revolisyon pwodiksyon manje ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri chanjman nan pwodiksyon manje a pandan revolisyon an
- Diskite sou efè politik, sosyal, **ak/oswa** ekonomik chanjman nan pwodiksyon manje a te genyen sou sosyete a oswa sou yon rejyon

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale osijè de li”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalyte, rezonnman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak repons kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Sot nan Ranmase Manje pou ale nan Pwodiksyon Manje

. . . Gason paleyolitik yo pat kapab kontwole disponiblite alimantè yo. Toutotan yo te depann de foraj, lachas, lapèch ak lachas avèk pyèj, yo te depann de disponiblite alimantè natirèl nan yon zòn pou anpeche yo mouri grangou. Men alòske gason paleyolitik yo t ap kontinye modèl egzistans pou ranmase manje yo nan Lewòp, Lafrik ak Ostrali, gwoup moun ki nan Pwòch Oryan yo te kòmanse kiltive danre alimantè ak elvaj bèt. Souvan yo konn dekri chanjman sa a kòm “premye revolisyon ekonomik” nan istwa limanite, kote yo te sot nan ranmase manje pou ale nan yon ekonomi pwodiksyon manje se sa ki te kòmanse Laj Neyolitik la. Yon gason Paleyolitik se te yon chasè; yon gason Neyolitik te vin yon kiltivatè ak yon gadyen twoupo. . . .

Sous: T. Walter Wallbank, et al., *Civilization: Past and Present*, Scott, Foresman and Company

1 Dapre otè pasaj sa a, ki **yon** chanjman enpòtan ki te fèt ant Laj Paleyolitik ak Laj Neyolitik? [1]

Score

POU KISA POU FÈ LACHAS? **POU KISA POU FÈ RANMASAJ?**

VIN PATISPE NAN REVOLISYON NEYOLITIK LA!

KLE pou jwenn LAVI MIYÒ!

Eksplwate Enèji Izin!

- Aprann kijan grenn semans ou simen yo kapab tounen danre nan pwochen sezon lotòn lan!
- Chwazi bon grenn pou fè plant k ap vini yo bay bon rannman epi pi fasil pou rekòlte!
- Prezève epi konsève manje anplis yo pou move tan!
- Envante nouvo fason pou prepare epi kwit manje agrikòl yo!

Mete Bèt yo Travay pou Ou!

- Aprann ki espès ki lan epi ki dosil!
- Itilize manje ak kloti pou fè yo rete ozalantou!
- Enfliyanse chwa patnè yo (pou kwazman)!
- Fè elvaj avèk sa ki pi bon an epi manje rès la!

Of espesyal! Tiliv gratis!

Plezi Flokon Avwàn

Jwenn Respè Bèt ou yo

Kijan pou Rekonèt yon Move Zèb

Sous: Mysteries of Çatalhöyük!, Science Museum of Minnesota, www.smm.org/catal (adapte)

2 Dapre komik sa a, endike **de** efè Revolisyon Neyolitik la. [2]

(1) _____

Score


(2) _____

Score

ALE NAN PWOCHEN PAJ LA ⇨


Dokiman 3a

Mezopotami: Lavi Toulejou



Sous: *The Visual Dictionary of Ancient Civilizations*, Dorling Kindersley (adapte)

Dokiman 3b



Sous: *The Visual Dictionary of Ancient Civilizations*, Dorling Kindersley (adapte)

3 Dapre imaj sa yo, endike **yon** avans ki te fèt etan kilti mezopotamyen an t ap devlope yon disponiblite alimantè etab. [1]

Dokiman 4

Revolisyon Agrikòl nan Grannbretay

. . . Revolisyon Anglè 1688 la, ki konfime asandans [monte] Palman an sou wa a, te vle di nan kontèks ekonomik asandans klas ki gen plis mwayen epi ki posede pwopriyete. Pami klas sa yo, pwopriyete tè sa yo te pi enpòtan lontan, menmsi yo te konte gwo komèsan Lond yo pami alye yo. Pandan yon syèk edmi, ant 1688 ak 1832, gouvènman Britanik lan te anba kontwòl pwopriyete tè sa yo, “eskireyachi” oswa “mesye Angletè yo.” Rezilta se te yon kokennchemn transfòmasyon nan agrikilti, yon Revolisyon Agrikòl pa kapab fèt san yon Revolisyon Endistriyèl.

Anpil pwopriyete tè, k ap chèche ogmante revni lajan yo, te kòmanse fè eksperyans avèk pi bon metòd pou kiltive ak ogmantasyon estòk. Yo te itilize plis angrè (sitou pou pou bèt); yo te entwodui nouvo zouti (tankou semwa-an-liy ak hou ki fonksyone ak traksyon animal); yo te pote nouvo danre, tankou navè, ak yon sistèm wotasyon danre ki pi syantifik; yo te eseye kwaze pi gwo mouton ak betay ki pi gra. Pou yon pwopriyete ki t ap fè amenajman, pou entwodui chanjman sa yo avèk siksè, li te bezwen kontwòl sou tè li okonplè. Li te wè yon ti opòtinite pou pwogrese nan ansyen sistèm vilaj chan lib, tè komen, ak metòd pou kiltive semi-kolektif. Amelyorasyon te egzijje tou yon envestisman kapital lajan, ki te enposib toutotan se anpil ti kiltivatè pòv ki t ap travay tè a dapre koutim yo. . . .

Sous: R. R. Palmer, et al., *A History of the Modern World*, 9th edition, McGraw-Hill

4 Ki **de** chanjman ki te fèt nan metòd pwodiksyon manje pandan Revolisyon Agrikòl la nan Grannbretay, dapre otè *A History of the Modern World* (Yon Istwa Lemonn Modèn)? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5

Klotire oswa barikade ansanm tout tè yon kiltivatè te kòmanse pandan 16yèm syèk la avèk akò tout pwopriyetè tè yo. Pandan 18yèm syèk la, se Palman an ki te kontwole kloti yo.

KÈK ENPAK SELEKTIF LWA KLOTI YO TE GENYEN

Efè Pozitif

- Mwens gaspiyaj tè-yo te kapab fè lakilti kounye a nan limit ki separe bann tè yo
- Tè yon bon kiltivatè pa t soufri ankò akòz neglijan bann tè ki toupre li yo
- Maladi bèt yo te gen mwens chans pou gaye sou tout bèt ki nan vilaj la. Chan ki apa pou bèt yo te fè li vin posib pou fè elvaj selektif

Efè Negatif

- Fòse kiltivatè yo soti nan pwopriyete yo (ki rele lokatè koutimye) ki pa t gen papyè tè fanmi yo kiltive pandan plizyè jenerasyon
- Kiltivatè pòv, ki te jwenn ti moso tè, pa t kapab fè konpetisyon avèk gwo pwopriyetè tè yo. Anpil te pèdi tè yo lè komès te tonbe

Sous: "Enclosure Acts: Great Britain (1700–1801)," *World History on File*, Facts on File (adapte)

5 Dapre Enfòmasyon ki nan Dosye a, ki **de** efè Lwa Kloti yo te genyen? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

. . . Endistriyalizasyon te transfòme sektè agrikòl la tou, epitou nan sektè sa a, enpak la te depase dirijan endistriyèl monn lan. Machin tankou traktè, zouti pou rekòlte, ak chari mekanik te ranplase travay bèf ak imen. Mòd sa a te kòmanse nan 19yèm syèk la avèk aparèy tankou zouti pou fè rekòlt ak traktè primitif. Epoutan sèlman nan 20yèm syèk la mekanizasyon agrikilti te vin enpòtan toupatou sou latè, anpati pou satisfè eksplozyon popilasyon an. Agrikilti nan zòn tanpere a te nan avantaj pifò moun; mekanizasyon te fè yon revolisyon nan lakilti ble ak lòt danre an gren nan Amerik di Nò, nò Lewòp, Amerik di Sid (nan peyi tankou Ajantin, Irigwe, ak Chili), ak Ostrali. Machin yo pa t twò afekte danre twopikal yo; yo te kontinye koupe kann alamen, menm jan ak kafe yo te keyi grenn pa grenn nan pye kafe yo. Machin yo te kanmenm jwe yon sèten wòl nan agrikilti twopikal: Izin te pran plas la nan fè kann tounen sik, sa ki te fè vin genyen pi gwo izin [manifakti]. Anjeneral, mòd pou mekanizasyon nan agrikilti te diminye travay imen nan zòn riral yo, sa ki te lakòz plis moun te al abite nan vil yo. Epitou, itilizasyon machin chè yo te siyifi sosyete gwo kapital lajan yo te genyen yon avantaj sou kiltivatè fanmi yo, ki pa t kapab fè konpetisyon avèk pi gwo rannman agrikilti mekanize a. Anjeneral, politik gouvènman an nan Lewòp de Lwès ak nan Amerik di Nò te anfavè fèm familyal yo, men sa te konsève kantite travayè nan agrikilti a ki te wo sou plan atifisyèl (menmsi li te bese) malgre fòs ekonomik okontrè. . . .

Sous: Paul V. Adams, et al., *Experiencing World History*, New York University Press

- 6 Dapre ekstrè sa a ki sòti nan *Experiencing World History (Eksperyans avèk Istwa Lemonn)*, ki **yon** efè ki te genyen nan mekanizasyon agrikilti? [1]

Score

Dokiman 7

Kisa Revolisyon Vèt la ye?

Revolisyon Vèt la gen pou wè a gwo devlopman teknolojik [rechèch] ki te kòmanse nan ane 1940 yo pou ogmante rannman danre pou kapab ede peyi k ap devlope yo satisfè bezwen popilasyon k ap grandi yo.

Anjeneral, teknoloji Revolisyon Vèt la te tonbe nan de (2) gwo kategori. Premye kategori sa a se repwodiksyon nouvo varyete plant; dezyèm kategori a se aplikasyon teknik modèn agrikilti tankou angrè chimik, èbisid, irigasyon ak mekanizasyon.

Revolisyon Vèt la ki te kòmanse nan peyi Meksik nan ane 1944 te kontinye nan ane 1960 yo nan Lend ak Pakistan, kote li te pèmèt yo retire yon milya moun nan grangou.

Dr. Norman Borlaug se te syantis agrikòl ki te alatèt pwogram lan. Nan ane 1970, li te resevwa Pri Nobèl pou Lapè pou efò li te fè yo. . . .

Sous: Engineers Without Borders, EWB Workshop, Green Revolution

7 Dapre Engineers Without Borders (Enjenyè San Fwontyè), ki **de** avans teknolojik modèn ki te aplike pandan Revolisyon Vèt la? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 8

Aplikasyon Premye Revolisyon Vèt la

. . . [Aplikasyon] premye revolisyon vèt la—depi kòmansman ane 1960 yo ak ane 1975—te entwodui nouvo varyete ble, diri, ak mayi ki te double oswa triple rannman yo. Nouvo varyete yo te trè fasil a enfekte pa enfestasyon parazit epi kidonk yo te lakòz kiltivatè yo flite gran kantite sibstans chimik. Men yo te reyaji tou nan gwo to aplikasyon angrè sou irigasyon. Kidonk, gwo kiltivatè ak kiltivatè mwayen ki nan rejyon yo, ki te genyen mwayen irigasyon apwopriye, ki te gen aksè fasil pou jwenn kredi, abilite sifizan pou pran risk epi bon makèt melanje a te adopte nouvo varyete sa yo. Men kondisyon sa yo te vle di nouvo teknoloji a te pa t anfavè pifò kiltivatè Afriken pòv yo.

Yon lòt rezon ki fè Lafrik pa t jwenn avantaj nan premye revolisyon vèt la se te estrateji rechèch yo te itilize a. Pou rakousi pwosesis amelyorasyon varyete yo, chèchè yo te entwodui pi bon varyete ki sot nan Lazi ak Amerik Latin olye yo angaje yo nan egzèsis ki fè yo pèdi tan nan idantifikasyon plasma jèm epi pou yo itilize sa kòm baz pou repwodiksyon nouvo varyete.

Aprè premye soulajman avèk varyete ki bay gwo rannman, plizyè pwoblèm te vin evidan. Premyèman, nesosite pou anpil remèd pou kontwole lapès ak move zèb te leve pwoblèm sou anvivònman an a ak sou sante moun. Dezyèmman, tank zòn ki sou irigasyon yo te elaji, jesyon dlo te egzije konpetans sofistike ki te manke. Akòz sa, kiltivatè pòv ki t ap fè lakilti danre alimantè debaz yo an Afrik pa t kapab adopte nouvo varyete yo. Sa ki te enpòtan pou Lafrik se te pou devlope varyete danre ki te kapab pouse nan rejyon ki pa t gen dlo san gwo itilizasyon angrè. . . .

Sous: "Realizing the Promise of Green Biotechnology for the Poor," *Harnessing Technologies for Sustainable Development*, United Nations Economic Commission for Africa (adapte)

8 Dapre otè pasaj sa a, ki **yon** pwoblèm Lafrik te rankontre nan tantativ li t ap fè pou adopte Revolisyon Vèt la? [1]

Score

Dokiman 9

. . . Agrikilti endistriyèl pa t ankò pwodui plis manje. Li te detwi divès sous manje, epitou li te vòlè manje lòt espès yo pou pote pi gran kantite manje espesifik nan mache, epi anmenmtan li te pote gran kantite konbistib fosil ak dlo sibstans chimik toksik. . . .

Rannman nan pratik agrikilti tradisyonèl te toujou gwo si yo sonje gen yon ti kantite faktè pwodiksyon ekstèn ki nesèsè. Alòske yo te ankouraje Revolisyon Vèt la kòm yon revolisyon k ap ogmante rannman nan sans absoli, lè yo konsidere itilizasyon resous, yo te jwenn li kont-pwodiktif epi li pa efikas. . . .

Sous: Vandana Shiva, *Stolen Harvest*, South End Press, 2000

9 Dapre Vandana Shiva, ki **yon** pwoblèm ki te asosye avèk itilizasyon agrikilti endistriyèl? [1]

Score

Pati B Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti pou *pi piti kat* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou ak reyalite, egzanzp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, anpil chanjman te fèt nan fason yo pwodui manje. Kèk nan gwo chanjman te fèt pandan **Revolisyon Neyolitik**, **Revolisyon Agrè (Agrikòl)**, ak **Revolisyon Vèt la**. Chanjman sa yo nan pwodiksyon manje te genyen efè politik, sosyal ak ekonomik sou kèk sosyete ak rejyon.

Sa w gen pou fè: Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral pou ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de** revolisyon pwodiksyon manje ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri chanjman nan pwodiksyon manje a pandan revolisyon an
- Diskite sou efè politik, sosyal, **epi/oubyen** ekonomik chanjman nan pwodiksyon manje a te genyen sou lasosyete oswa sou yon rejyon

Gid:

Nan redaksyon ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Mete ladan l enfòmasyon ki soti pou *pi piti kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

ISTWA AK JEYOGRAFI JENERAL

Vandredi 29 janvyè 2010 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Elèv Sèks: Fi

Pwofesè

Lekòl

Ekri repons ou yo pou Pati I an sou fèy repons sa a, ekri repons ou pou Pati III A a nan tiliv repons lan, epitou ekri repons ou pou Pati II ak Pati III B nan tiliv redaksyon separe a.

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

Final Score
(obtained from conversion chart)

No. Right

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Decire li la a

Detache la a

